Pou Piblikasyon Imedya: 22/05/2026 **GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL**

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE REPRESYON KONT MOUN K AP KONDWI AK KAPASITE AFEBLI AK NAN FASON DANJERE NAN JOUNEN MEMORYAL SA A

Kanpay kontwòl la ap dewoule soti vandredi 22 me rive lendi 25 me

Fèmti tanporè vwa sou otowout Eta Nouyòk ki gen rapò ak travay konstriksyon yo ap sispann pandan wikenn fèt la

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a fòs de lòd nan tout eta a pral ogmante patwouy yo pou konbat moun k ap kondwi anba enfliyans alkòl ak dwòg ak kondwi epi yon fason danjere pandan wikenn Jounen Memoryal la. Peryòd kontwòl ki ogmante a ap kòmanse vandredi 22 me a 6 p.m. epi l ap dire jiska lendi 25 me a 11 p.m. Jounen Memoryal la se youn nan jou fèt ki gen plis aktivite vwayaj nan ane a epi lapolis ap deplwaye an fòs pou yo retire chofè ki gen kapasite afebli ak sa k ap kondui nan fason danjere yo sou otowout nou yo.

"Nou vle asire tout moun byen kòmanse sezon ete a epi rete an sekirite sou wout la,"**Gouvènè Hochul te deklare.** "Si w ap pran volan, kondui ak responsablite epi pa janm kondui lè kapasite w afebli. Gen zewo tolerans nan Nouyòk pou konpòtman iresponsab ak danjere konsa."

Pou ede fasilite vwayaj la pandan wikenn fèt ki chaje a, fèmti tanporè, akoutèm vwa yo pou pwojè konstriksyon wout ak pon yo sou otowout Eta Nouyòk yo pral sispann apati 6 a.m. nan vandredi 22 me pou rive 6 a.m. nan madi 26 me.

Chofè yo dwe konnen li posib gen kèk travay dèyè baryè an beton pèmanan oswa pou reparasyon ijans ki nesesè yo ki ka kontinye. Sispansyon konstriksyon an akò ak Inisyativ Chofè yo Dabò (Drivers First Initiative) Eta Nouyòk la, ki priyorize konmodite otomobilis yo pou minimize anbouteyaj sikilasyon yo ak reta vwayaj akòz travay nan wout ak pon.

Komisè pa Enterim Depatman Veyikil ak Motè Eta Nouyòk la, Christian Jackstadt, te deklare,"Sa se kòmansman sezon ete a kote anpil moun ap vwayaje, epi se responsablite tout moun sou wout la pou yo rete an sekirite dèyè volan an. Nou tout vle pran plezi ak fanmi ak zanmi nou, men aksidan ki fèt akoz kondui lè kapasite moun afebli kapab evite a 100%. Pa gen okenn eskiz pou fè chwa sa a lè gen plizyè opsyon pou mennen w soti pwen A rive pwen B an sekirite, san mete tèt ou oswa lòt moun an

danje pou yo ta blese oswa pèdi lavi nan yon aksidan. Menm bagay la valab pou telefòn; mesaj tèks sa a ka tann jiskaske w kanpe. Pran bon desizyon epi rete an sekirite."

Sirentandan Lapolis Eta Nouyòk la, Steven G. James, te deklare,"Wikenn Jounen Memoryal la make kòmansman sezon ete a kote anpil moun ap vwayaje, epi manm nou yo ap trè vizib atravè eta a pandan y ap travay pou kenbe otomobilis yo an sekirite. N ap raple tout moun pou yo pran desizyon responsab anvan yo pran volan. Kondui lè kapasite w afebli, yon fason danjere ak pandan w distrè mete lavi moun an danje epi yo p ap tolere sa sou wout Nouyòk yo. Si w gen plan pou fete, prepare yon plan transpò kote chofè a pa anba enfliyans alkòl oswa dwòg, respekte lwa sikilasyon yo, ralanti, deplase sou kote pou bay machin ijans ak travayè sou otowout yo pasaj, epi ede nou asire tout moun rive lakay yo an sekirite."

Direktè Egzekitif Otorite Thruway la, Frank G. Hoare, te deklare, "Pandan wikenn Jounen Memoryal sa a, nou vle tout moun rive kote y ap ale an sekirite ak mwens reta. Pandan aktivite konstriksyon yo sispann pou wikenn fèt la, n ap raple otomobilis yo sèvis ijans ak anplwaye nou yo ap sou wout la pou ede otomobilis yo. Ralanti epi deplase sou kote pou tout machin ki sou bò wout la – lavi moun depann de sa. Nou remèsye patnè nou yo nan Twoup T nan Lapolis Eta Nouyòk la pou angajman yo pou kenbe otomobilis yo an sekirite."

Komisè Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT) Eta Nouyòk, Marie Therese Dominguez, te deklare,"Pandan n ap jwi yon long wikenn ak zanmi ak fanmi nan Jounen Memoryal sa a, ann sonje epi onore gason ak fanm ki te fè sakrifis siprèm nan pou pwoteje libète nasyon nou an. Mwen ankouraje tout moun pou yo kondui san yo pa anba enfliyans alkòl oswa dwòg epi rete vijilan, respekte limit vitès ki afiche yo, mete telefòn yo sou kote, epi ralanti ak deplase pou bay machin ijans ak travayè sou otowout yo pasaj. Pou asire sikilasyon an sekirite pandan wikenn sa a, Depatman Transpò Eta a pral sispann tout aktivite konstriksyon ki pa ijans. Annou tout fè tout sa nou kapab pou ede tout moun rive kote yo prale yo an sekirite nan wikenn sa a."

Chofè yo ka espere wè pòs kontwòl pou tcheke moun ki bwè yo ak plis patwouy pa Lapolis Eta ansanm ak ajans fòs de lòd lokal ak konte yo pandan wikenn fèt sa a. Nan kad kontwòl la, ofisye lapolis eta yo pral itilize alafwa veyikil Lapolis Eta a ki make ak veyikil Kontwòl Sikilasyon ki gen Idantite Kache (Concealed Identity Traffic Enforcement, CITE), pou pèmèt yo idantifye otomobilis k ap vyole lalwa. Machin CITE yo melanje ak lòt machin nan sikilasyon an epi yo pèmèt ofisye lapolis eta yo pi byen obsève vyolasyon k ap fèt pandan moun ap kondui; yo vin klèman idantifye kòm machin lapolis lè yo limen limyè ijans yo.

Komite Sekirite Sikilasyon Gouvènè (Governor’s Traffic Safety Committee, GTSC) a an pati finanse inisyativ sa a an pati. GTSC a ak Fondasyon STOP-DWI Eta Nouyòk la ap raple otomobilis yo ke aplikasyon mobil "Have a Plan" yo an disponib pou telefòn entèlijan Apple, Android ak Windows. Aplikasyon an pèmèt itilizatè yo jwenn epi rele

yon taksi oswa sèvis transpò pataje, prepare yon lis chofè deziyen, rapòte yon chofè yo sispèk k ap kondui lè kapasite li afebli, epi aprann sou lwa ak penalite DWI nan eta a.

Pandan kontwòl wikenn Jounen Memoryal la an 2025, ajans fòs de lòd yo atravè Eta a te bay 34,245 kontravansyon pou plizyè vyolasyon veyikil ak vyolasyon lwa sikilasyon yo, ki gen ladan 1,404 kontravansyon pou moun k ap kondui avèk kapasite afebli ak 6,139 pou eksè vitès.

N ap raple otomobilis yo pou yo suiv Lwa Deplase sou Kote Eta a, ki egzije pou chofè yo ralanti ak deplase sou kote pou tout machin ki kanpe sou wout la, tankou machin fòs de lòd yo, kamyon ponpye, anbilans, kamyon remokaj, machin antretyen ak machin ki an pàn yo.

Pou redui zafè kondui pandan moun nan distrè, Nouyòk founi espas pou kanpe pou voye tèks, enstalasyon pou pakin ak pran woulib, espas arè pou repoze, zòn sèvis yo ak pakin ki sou otowout eta yo. Tout zòn pou kanpe pou voye mesaj tèks yo ap rete ouvri, pou bay lokal kote chofè yo ka itilize aparèy mobil yo an sekirite. Li patikilyèman danjere pou voye mesaj tèks pandan w ap kondui, poutèt sa egzije otomobilis la pou retire je li sou wout la, lage volan an epi dekonsantre sou kondui.

Tout 27 zòn sèvis ki sou Thruway la ouvri 24 sou 24, sèt jou pa semèn. Otomobilis yo ka wè zòn sèvis yo epi planifye arè yo sou sit entènèt Otorite Thruway la ak sou aplikasyon mobil gratis la, ki disponib pou telechaje gratis sou aparèy iPhone ak Android yo. Aplikasyon an bay otomobilis yo aksè dirèk tou nan sikilasyon nan tan reyèl ak asistans pou navigasyon pandan yo sou wout. Otomobilis yo ka enskri tou pou yo resevw imèl TRANSalert k ap bay dènye kondisyon yo sou Thruway la.

Vwayajè yo ka verifye tou 511NY NYSDOT la anvan yo vwayaje, lè yo rele 5-1-1, lè yo vizite sit entènèt 511 lan, oswa telechaje aplikasyon mobil gratis 511NY la sou App Store oswa Google Play. Sèvis gratis la pral pèmèt itilizatè yo tcheke kondisyon wout yo, wè 2,219 kamera sikilasyon epi relye a enfòmasyon ayeryen ak transpò. Kounye a aplikasyon an ofri yon mòd Kondui (Drive), ki sonnen pou avèti moun k ap kondui sou yon wout yo chwazi si gen aksidan osinon konstriksyon.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

ANILE ENSKRIPSYON OU